

Pwoteje Ti Dan Piti Yo

Tibebe-ou va genyen 20 dan bebe. Dan bebe-yo rezève espas pou dan adilt yo. Kenbe-yo ansante!



Sevre l ak bibon an

- 6 a 7 mwa, kòmanse ak yon gode. Tanzantan ranplase chak boutèy pa yon gode.
- Si ti bebe ou a dwe bwè yon bibon anvan l al dòmi, plen l ak dlo.
- Ofri l yon gode ak repa li yo.
- Sou 12 pou rive 14 mwa, pi fò timoun kapab itilize yon gode epi yo pare kite bibon an dèyè.

Konsèy pou dan yo ka rete an sante

- Pa janm mete ji, soda osinon okenn bwason sikre nan bibwon tibebe ou.
- Kenbe tibebe-ou si ou pral ba li manje nan bibwon. Pa mete tibebe-ou nan kabann avèk yon bibwon.
- Evite manje ki gen anpil sik ak manje ki renmen kole nan dan.
- Ji fwi pa rekòmande pou tibebe ki poko gen 12 mwa.
- Lè pitit ou gen 1 lane, pa bay li plis pase 4 ons ji 100 fwi pa jou.
- Pa kite timoun piti-ou bwè ji, lèt osinon bwason sikre souvan pandan lajounen osinon pandan li pral dòmi.
- Bay pitit ou dlo nan mitan repa yo.

Pa pase jèm dan pouri a tibebe ou

- Pa janm mete anyen ki soti nan bouch-ou nan bouch tibebe ou.
- Pa janm pataje kiyè, fouchèt, gode osinon chalimo ake ou bay manje.
- Pa janm kraze manje tibebe-ou nan bouch ou.
- Pa janm netwaye sison oswa jwèt bebe avèk saliv ou.

Netwaye dan pitit ou

- **Depi nan nesans pou rive 1 lane**, siye tou dousman jansiv ti bebe a ak yon babouyèt ki pwòp. Kou premye dan yo parèt, bwose yo tou dousman epi itilize bwòsdan mou ki pou timoun epi yon “ti kras” ak pat dantifris. Yon “ti kras” se gwosè yon grenn diri.
- **Depi 1 lane pou rive 3 zan**, bwose dan pitit ou de (2) fwa pa jou (maten ak aswè) pou 2 minit chak fwa. Itilize yo ti kras pat dantifris jiskaske li rive sou 3èm anivèsè l.
- **Depi 3 zan rive pou rive pi gran**, kontinye bwose dan yo de (2) fwa pa jou ak pat dantifris ki gen gwosè yon grenn pwa. Ede pitit ou bwose dan l yo pou 2 minit jiskaske ou santi ou sèten pitit ou ka byen bwose dan li yo trè byen.
- Kòmanse flòs dan timoun-ou yon fwa pa jou lè dan-yo kontre youn ak lòt e lè ou enkapab bwose alantou tout dan.
- Pa kite timoun ou vale pat dantifris la.

Pran swen pwòp dan pa-w—jèm dan pouri kapab pase de paran oswa moun kap pran swen tibebe-yo a tibebe yo

- Vizite dantis-ou pou konsiltasyon ak netwayaj dan regilyèman.
- Bwose dan-ou 2 fwa pa jou avèk pat dantifris fliyòrid.
- Flòs dan-ou omwen yon fwa pa jou.



Ou te konnen?

Jèm ak bwason sikre ak manje nan bouch kapab lakòz dan pouri.



Sa a se yon egzanp de dan pouri nan yon jèn timoun (kari dantè bonè nan lanfans). Sa te lakòz nan kite bebe-a oswa timoun-nan itilize bibwon oswa gode tankou sison. Bibwon oswa gode-a te ranpli ak fòmil, lèt, ji oswa bwason sikre.

Dan pouri oswa kavite nan dan tibebe-yo:

- Kapab lakòz dan fèmèl anpil.
- Kapab lakòz timoun-nan manje mwens e reveye plis nan nwit.
- Bezwen trete pa yon dantis. Dan ki domaje anpil-yo kapab bezwen rache.

Mennen timoun-ou al fè konsiltasyon dan-li regilyèman

- Timoun-yo ta dwe al wè yon dantis nan laj 1 an pou konsiltasyon. Si ou wè “tach blan” nan dan tibebe ou, ale pi bonè.
- Jwenn avèk doktè oswa dantis-ou pou kapab asire-w ke timoun-ou resevwa kantite fliyòrid kòrèk la.



FloridaHealth.gov/WIC

